# Kuy niru-nirulu aw nit ca ñoom la book

Jële na ñu ci Ibn Umar -yal na leen Yàlla dollee gërëm- mu wax ne : Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «Kuy niru-nirulu aw nit ca ñoom la book».
[Tane na] [Abóo Daawuda soloo na ko,ak Ahmat]

Leerarug adiis bi: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- daf nuy xamal ne képp kuy roy yéefar yi, mbaa kàccoor yi, mbaa ñu baax ñi -ci def li leen di màndargaal ci wàllu pas-, walla ag jaamu, walla aada- kon bokk na ci ñoom; Ndax roy leen ci biti dafay yóbbe ci roy leen ci biir, te sikk-sakka amul ci ne roy aw askan day juddoo ci naw leen, te man naa tax nga bëgg leen, màggal leen, jeng jëm ci ñoom, te loolu man naa yóbbe nit ki roy leen sax ci biir ak ci jaamu Yàlla - Yal na nu ci Yàlla musal-.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee